Казбек районалъул газета
# Чапар
Вестник

12+ № 10 (9970) 8 март 2024 с. / Рузман 28 шагIбан 1445 с./ redakciya-chapar@mail.ru

# 8 март-Халкъалдагьоркьосеб руччабазул Къо

## Поздравляем!

***У нас маловато оснований выделить именно день 8 марта как символ борьбы за равноправие женщин.***

***Эта борьба развернулась в середине 19 века во всех странах европейской цивилизации. В России впервые достаточно широко этот день был отмечён в 1913 году.***

***С 1975 года, по инициативе социалистических стран, во главе с СССР и по решению ООН, 8 марта отмечается как Международный женский день.***




### *Уважаемые женщины района!*

### Поздравляем вас с днём 8 Марта!

В этот замечательный и радостный день поздравляем всех женщин района с праздником весны, грации и красоты.

Желаем вам навсегда сохранить юность души, мудрость, доброту сердца и вечную любовь.

Пусть все ваши тревоги уйдут в небытие, только лишь радость и аромат первых весенних цветов наполняют собой ваши дома.

***Глава МР «Казбековский район» Г. Г. Мусаев***
***Председатель Собрания депутатов Г. М. Гирисханов***

## Дорогие женщины!

Прекрасный наш пол, сегодня ваш праздник. Желаю всегда оставаться женственными, неотразимыми, обворожительными, нежными и ласковыми.

Пусть ваша жизнь будет чудом и волшебством, пусть исполнится всё то, что задумано вами.

Желаю вам неожиданных сюрпризов, счастья, любви и больших удач.

***Депутат НС РД М.-п. Д. Умаханов***

## ХIурматиял районалъул руччаби!

Гьале, тIаде щвана нужер байрам. Бокьун буго, ракI-ракIалъ нужеда 8 Марталъул байрамги баркулаго, нужее гьаризе кинабго лъикIабщинаб.

БукIаги нужер ракIазулъ ва гъанситабахъ даимаб цIа, кьеги нуж тIолазего щулияб сахлъи, халатаб гIумру, талихI ва рохел. Хулугеги нужер бадиб рохалилаб гуреб магIу, ва тIураги нужер киналниги анищал.

***ЖамгIияб палатаялъул председатель И.Б. Салимханов***
***Харабазул Советалъул председатель С.Э. НургIалиев***
***Рагъулгун захIматалъул ветераназул Советалъул председатель Х.ГI. МухIамадхIабибов***

## Аппараталъул данделъиялда...

5 марталда районалъул администрациялда тIобитIана аппараталъул иргадулаб данделъи. ЖамгIияб хIинкъигьечIолъи чIезабиялъул рахъалъ районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель Басир Нуцаловасул нухмалъиялда тIобитIараб гьеб тадбиралда гIахьаллъана управлениябазе нухмалъулел, отделазул начальникал, организациябазулгун учреждениябазул жавабиял хIалтIухъаби ва росабазул бутIрул.

Данделъиялъул хал гьабиялде росарал суалазул аслияллъун рукIана информациязул технологиязул отделалъул хIисабкьеялда, жалго лъикIаллъун лъукъотIи гьечIого, газалъул хъулухъаз балагьал лъугьа-бахъинал ккечIого рукIиналъе лъазабиял кьолел рукIин, амма кигIан бицунеб, хъвалеб букIаниги, гьел ккечIого хутIулел гьечIо. Щай гьедин бугеб? Газ хIалтIизабиялъул къагIидабиги цIунулелги гьечIони, специалистал гIахьалги гьаричIого,бакI-бакIазде гьеб бачунебги бугони, газ бачиналъе дандего ккоарел алатал хIалтIизарулелги ругони, зама-заманалда рукъобе газ бачарал мухъазул, печазул ва цогидаб къайи-цIаялъул хал гьабизе специалистал ахIулелги гьечIони, узухъда, газалда хурхарал балагьал лъугьа-бахъинал хадусанги ккезе рес буго.




гьун, газ рукъзабахъе бачаралгун гьеб бачиналъе ихтияр кьечIел алатал хIалтIизарурал тIатинариялъе цадахъал хал гьабиял тIоритIиялда хурхарал суалал.

ТIоцебесеб суалалда тIасан кIалъазе цеве вахъана тIадехун рехсараб отделалъул начальник Мавлидин Хизриев. Гьес абуна:

*«Дица нухмалъи гьабулеб отдел рагьаралдаса гIемераб заман гьечIо, гьеб араб соналъ рагьана. Нилъеда лъала гьаб заман информациялъул алатал, гIемераллъун, гьезда хадуб цIикIкIараб халкквей букIине, гьезие ремонт гьабизе, чIей гьечIого, гьел хIалтIулел къагIидаби цIунизе ккоелблъун бугеблъи. Администрациялдаги гьелъул ведомствоялде кколел структурабаздаги буго 85-ялдасаги къадар цIикIкIарал компьютерал, ноутбукал ва цогидал алатал.*

*Гьединго, хъулухъ гьабизе ккола бакIазул администрациябигун бухьен чIезабулел алатазеги. Цоги, ниж хIалтIизе ккола баянал цIигьариялдаги гьел цIуниялдаги тIад. Къокъгьабун абуни, нижер отделалда бараблъун букIуна хIалтIул гIезегIанал рахъал. Киназдаго лъала районалъул, бакIазул администрациябазул, ЕИЦялъул сайтал рукIин. Гьезул хIалтIи гьоркьобкъотIи гьечIеблъун букIинабиги кIвар цIикIкIараб ишлъун ккола»*, -ян.

Хадусан Мавлидиница тадбиралъул гIахьалчагIазе бицана ругел церетIеязул, дандчIвалел захIмалъабазул, гIолел-гIоларел рахъазул ва цере чIарал масъалабазул.

Информациялъул алатазде раккулезда, газетал цIалулезда лъала, гьоркьоб гIадамазда кинго бичIчIунеб гьечIо газалда, токалда хурхарал суалал, кIвар кьечIого, тезе бегьулареблъи.

Цебехун рехсараб кIиабилеб суалалда хурхараб кIалъай гьениб гьабуна газ хIалтIизабиялъулгун ремонтал гьариялъул хъулухъалъул кIудияв мастер Малик ЗайналгIабидовас. Гьес тадбиралъул гIахьалчагIазе бицана районалъул бакI-бакIазда, законалде данде ккоареб къагIидаялда, рукъзабахъе ва цогидал бакIазде газ бачиналъулъ ругел гIунгутIабазул, гьел тIагIинариялда сверухъ гьабулеб бугеб хIалтIул, гьелъулъ дандчIвалел захIмалъабазул ва цогидалги тIоритIулел ишазул.

Гьес гьабураб кIалъаялда хурхун, Б. Нуцаловас гьесда гьикъана: *«Дуца кIалъаялда абуна 178 чиясда нижеца лъазабун бугин газ бачиналъулъ ругел гIунгутIаби тIагIинариялъе тадбирал гьареян. Гьелда хадуб щиб букIине бугеб»*, -ан.

Маликица абуна: *«Гьел тIагIинариялъе нижеца заман бихьизабун букIана. Гьеб заманалде гIунгутIаби тIагIинаричIони, гьезие тIадеги заман кьола. Нагагьлъун гьеб заманалдаги кколел тадбирал гIадамаз тIоритIичIони, нижеца гьединазе газ биччай гьоркьоб къотIизе гьабула»*,-ян.

Басирица абуна: *«Районалъул информациялъул алатаздасан гьединал гIадамазда лъазабе щиб къагIидаялда нужеца газ букIинабиялъул суал къазе бугебали»*, -ян.

Данделъиялъул хал гьабиялде росарал суалал рича-чвана ва рекъон кколел хIукмаби гьаруна.

***МухIамад-Шарип ГIабдулашимов***

Гьаб номералда нужеца цIализе бегьула

гьум. 2 «ЛъагIалил мугIалим -2024» конкурс

гьум. 3 8 март-Халкъалдагьоркьосеб ручча базул Къо

гьум. 4 Объявление

# ХитӀабалда хурхун…

Нилъеда лъала 29 февралалда Россиялъул Президент В. В. Путиница Федералияб Собраниялде хитӀаб гьабураблъи. Гьелда хурхун, районалъул бетӀер ХӀаджимурад Мусаевас абуна:

*«Узухъда, президентас хитӀабалда абураб хъинтӀизе буго регионаздагун муниципалиял гӀуцӀабаздаги. Нилъеда тӀадаб буго гьес цере лъурал масъалаби бетӀералде рахъинариялда тӀад хӀалтӀизе. Гьел масъалабазда раралльун ккола улкаялъул хӀинкъигьечӀолъиги социалиябгун экономикияб цебетӀейги.*



*Пачалихъалъул бетӀерас нилъ ахӀулел руго, гьелъул къучӀлъун кколеб хъизаналъулъ, гӀаданлъиялъул, яхӀ-намусалъул гӀадаталлъун ругел рахъал цӀуниялде, гьедин букӀиналъейин «Хъизан» миллияб проектги хӀалтӀизе биччан бугеб.*

Президентас, гьединго, тӀадчӀей гьабуна гӀумруялъул цо-цо рахъал хисизаризеги цӀиял миллиял *«Халатаб ва хӀаракатаб гӀумру», «Россиялъул гӀолилал», «Кадрабы», «Баяназул экономика» ва цогидалги проектал гӀумруялде рахъинаризе ккеялдаги.*

*РакӀчӀун абизе кӀола, жиб-жиб бутӀа ккун, хитӀабалда президентас рехсарабщинаб бетӀералде бахъине буго»*,-ян.

***Ибрагьим Идрисов***

# «ЛъагӀалил мугӀалим - 2024» зоналиял къецазул хӀасилал гьаруна

Араб анкьалда Дубки поселокалъул школалда районалъул ва республикаялъул севериябрахъалъул педагогазе кӀвар цӀикӀкӀараб лъугьа-бахъин ккана. Гьеб *«ЛъагӀалил мугӀалим-2024»* абураб республикаялъулаб къецалъул зоналияб бутӀаялда батӀи-батӀиял районаздаса 8 мугӀалим гӀахьаллъана. Къецалъул мурадги бажари ва гьунар бугев мугӀалим тӀатинави ва гьес лъай кьеялъулъ хӀалтӀизарулел къагӀидаби тӀиритӀизари букӀана.




2 къоялъ халат бахъараб гьеб тадбиралда *«КъагӀидабазул къебелъиялъухъ»* ва *«Дарс»* бутӀабазда гӀахьалчагӀаз лъай ва тарбия кьеялъулъ жидерго хӀалбихьи, дарс бачиналъул ва гьелъие рекъараб къимат кьеялъул бажари бихьизабуна.

Къецалда гӀахьаллъулезулги гьезие къимат кьолезулги хӀалтӀи цӀакъ хӀалуцараб къагӀидаялда ана. Гьеб киналъулго хӀасилалда, жюриялъ республикаялъулал къецаздаги жидерго пагьму бихьизабизе рекъарав лъабго мугӀалимасда цӀар чӀвана. Гьел ккола Гьизляралдаса хӀисабалъул мугӀалим Ибрагьим Лабазанов, Хасавюрт районалъул Кокрек росулъа химиялъул мугӀалим Зарема АхӀмадова ва Хасавюрт шагьаралдаса Асият МахӀмудова.

Гьеб тадбиралда, иш берцинго тӀобитӀиялъе тавпикъ гьарун ва мугӀалимасул бугеб кӀваралъул бицун, кӀалъана районалъул администрациялъул бетӀерасул хӀинкъигьечӀолъи чӀезабиялъул рахъалъ заместитель Басир Нуцалов. Гьединго лъай кьеялъул управлениялъул начальник МухӀамадрасул Имамирзаевич МухӀамаевас ва районалъул мугӀалимзабазул профкомалъе нухмалъулев МухӀамад Ибрагьимович Дадаевас къецал гӀуцӀаразе, гьенир гӀахьаллъаразе ва гьел берцинго нухда иналъе квербакъаралщиназе баркала загьир гьабуна. Гьелдаго цадахъ гьенир гӀахьаллъарал мугӀалимзабазегун жюриялъулазе тӀугьдузул квацӀаби ва ракӀалдещвеялъулал сувенирал кьуна.

Гьеб киналъего байрамалъулаб кьер кьун букӀана Дубкиялъул гьоркьохъеб школалъул цӀалдохъабазулгун педагогазул, культураялъул хӀалтӀухъабазул церерахъиназ.

Гьай-гьай, Салатавиялъул ракь гьалбал хирияблъун кколелльул, гьаб нухалдаги къиматал гьалбал цӀакъ рази хутӀана.

***Динара Батиева***

# Терроризмалде дандекъеркьеялъул комиссиялда…

4 марталда, рехсараб комиссиялъул председателасул заместитель, ОМВДялъул начальник Юнус Хайрулаевасул нухмалъиялда, районалъул администрациялда тӀобитӀана гьелъул иргадулаб данделъи. Гьенир росабазул бутӀрулги гӀахьаллъана.

Гьеб тадбиралда хал гьабуна араб соналъ комиссиялъ гьабураб хӀалтӀулги гьаб соналъ тӀуразаризе цере чӀарал масъалабазулги. Ю.Хайрулаевас данделъаразул кӀвар буссинабуна 15-17 мартазда Россиялъул Президент вищиялъул кампания районалда гӀуцӀиялда тӀобитӀиялде.

Гьес абуна: *«Нилъеда лъала гьаб заман Россиялъе кинаблъун бугебали. Гьелъ, хӀажат буго президент вищиялъул кампаниялда хӀинкъигьечӀолъи чӀезабизеги гьеб гӀуцӀиялда нухда тӀобитӀизеги»*, -ян.

Президент вищиялда сверухъ районалда тӀоритӀулел тадбиразда хурхараб кӀалъай гьеник гьабуна районалъул администрациялъул бетӀерасул заместитель Басир Нуцаловас. Гьес данделъаразе баян кьуна рищизул участказда бугеб хӀадурлъиялъул, гьезул, гьоркьобкъотӀи гьечӀого, хал гьабиялъул ва тӀатарал гӀунгутӀаби тӀагӀинариялъе тӀоритӀулел ишазул.

Нилъеда лъала рищиязул заманалда бакӀ-бакӀазда гӀемерал гӀадамалги техникаги ракӀарулеблъи ва тарракталы гьариялъе ресал цӀикӀкӀунеллъи. Гьединал лъугьабахъинал риччангутӀиялда тӀад гьабулеб хӀалтӀул гьеник ОМВДялъул ООПалъул начальникасул заместитель Салман ХӀусеновас бицана.

Терроризмалъул идеология тӀибитӀизе биччангутӀиялда тӀад жидеца нухмалъи гьарулел гӀуцӀабазда тӀоритӀулел ищазул гьеник бицана ЕИЦялъе нухмалъулей Наталья Качалаевалъги, *«Чапар»* газеталъул бетӀерав редактор Икрамудин Салимхановасги, физкультураялъулгун спорталъул, туризмалъул ва гӀолилазда гьоркьор ишал гьариялъул отделалъул начальник Ибрагьим Булатхановасги.

Данделъиялъул ахиралда Б. Нуцаловас гьелъул гӀахьалчагӀазе баян кьуна рес-



публикаялъулгун районалъул АТКязул хӀукмаби тӀураялда сверухъ араб соналъ гьабураб хӀалтӀул. АТКялъ араб соналъ гьабураб хӀалтӀуе гьоркьохъеб къиматги кьун, комиссиялъ хӀукму гьабуна терроризмалде дандекъеркьеялъул хӀалтӀи жидеде кколел гӀуцӀабазда тӀадкъазе тӀоритӀулел ишал хӀасилал кьолеллъун рукӀинариялда тӀад хӀалтӀизе, гьезулъ гӀахьаллъулезул къадар цӀикӀкӀинабиялъе тадбирал гьаризе ва гьабулеб хӀалтӀи гучлъизабизе.

Узухъда, аслияб кӀвар кьураблъун гьеб данделъиялда букӀана 15-17 марталъ Россиялъул Президент вищиялъул рищиял гӀуцӀиялда нухда тӀоритӀиялъул суал.

***Ибрагьим Идрисов***

# СахлъицӀуниялъул объектазул хал гьабуна

Дагъал цересӀан къояз нилъер районалде щвана Халкъияб Собраниялда цебе гӀуцӀараб сахлъицӀуниялъулгун захӀматалъул ва социалияб рахъалъ цебетӀезабиялъул комитеталъул парламенталъулаб делегация. Гьелда гьоркьов сахлъицӀуниялъул министрасул заместитель ПатхӀула ПатхӀулаевги вукӀана.



Делегациялъул гӀахьалчагӀи, районалъул бетӀер ХӀ. Мусаевгун ва депутатазул Собраниялъул председатель Гь. Гьирисхановгун цадахъ, щвана районалъул централияб больницаялде. Гьез хал гьабуна гьеник гьабураб капиталияб ремонталъул. Больницаялъул бетӀерав тохтур Рашид ГӀамиевасул ракӀабазда рекъон, *«РДялъул сахлъицӀуниялъул система лъикӀлъизаби»* программаялъул къучӀалда ремонталги хиса-басиялги гьарун руго Дилималда, Ленинаулалда, Дубкиялда, Алмахъалда ва Хубаралда.

Больницаялъе бачӀун буго кӀиго автомашина ва гьаб соналъ больницаялъул инфекционнияб отделениялъе капиталияб ремонт гьабизе буго.

Халгьабиялдаса хадур тӀадехун рехсарал районалъул бетӀерасул кабинеталъур данделъана ва гьеник бицен ккана бихьаралъулги цере чӀарал масъалабазулги хӀакъалъулъ.

Делегациялъул гӀахьалчагӀаз лъикӀаб къимат кьуна гьарурал хӀалтӀабазе. Жиндирго иргаялда, ХӀ. Мусаевас ракӀ-ракӀалъулаб баркала загьир гьабуна республикаялъе нухмалъулезеги делегациялъул гӀахьалчагӀазеги районалъул сахлъицӀуниялде кьолеб бугеб кӀваралъухъ.

***Ибрагьим Идрисов***

# 8 март-Халкъалдагьоркьосеб руччабазул Къо

## «Баракаталъул иццал»-ан абизе бегьулел

**Гьаб заманалда гIемер бицуна араб гIасруялъул соназ, батIаго ресалда гьечIониги, гIадамазе, цоцазул хIурмат, адаб-хатир гьабун, цоцазе кумекалъе рахъун, яхI-намус, гIаданлъи цIунун, хьвади гIадатаблъун букIараблъиялъул. Дол соназ цIикIкIунисезе хасиятаблъун букIана херал, унтарал гIадамазде тIаде инги гьезие кумек гьабиги.**

**Гьай-гьай, рехсараб гIадат гьанже тIубанго рехун бугин абураблъун гьеб кколаро, амма гьел рахъал чучлъун рукIин нилъее якъинаб буго.**

**Харабахъе щвезе унезда лъалеб батула, гьезул азбар-къоноялде щвеялъ, рукъоре лъугьиналъ ракIазе гьабулеб бичIчIине захIматаб асар. Гьезул рукъзабахъ букIунеб, цо кидаялиго рекIелъги букIун ва гьанже кIочон тараб, рекIел ургъел гIодоцине гьабулеб махIалъ, кодобе босулареб ва хIажалъи жинде кколареб къайи-цIа жаниб букIунгутIиялъ, гIакъилаб, гIодобе биччараб, гIумрудул рахъазул хIалбихьи бугеб ва рагьараб каламалъ асир гьаричIого хутIулелги, тамаша, нилъеда гьоркьор ратани.**

**Цоги, гьезул квераз церего хIадурарал кинал рукIаниги алатаз, хасго руччабаз, дагьалго нигIматаздалъун, хIадурараб тIагIамаб кваналъ рекIелъе асар рещтIинабичIелги рукIине рес гьечIо. Хабар халат гьабун щиб гьабилеб, хараби баракаталъул иццалъун кколилан абизе бегьула.**



Гуниялдаса Загьра УмалхIатовалъ нижехъе хъвалеб буго: *«Дир къотIи ккана, умумузул гIадатазда рекъон ва цIалдохъаби цадахъ рачун, гIемерал сонал рарай, захIматалъ лъадарарай Сайпудинова СагIадат-адахъе щвезе ине.*

*Гьелъул рукъоре лъугьарабго, цIалдохъа базе цIакъ асар гьабураб букIанин абизе бегьула цIулаца бакараб умумузул цебесеб печь. СагIадат-адаца лъималазе бицана печь хIалтIизабулеб къагIидаялъул, гьелда квентIех хIадуриялъул ва гьезда бихьизе гьениб чед бежана.*

*Узухъда, лъималаз чадил тIагIамалъул хIалги бихьана. Гьез абулеб букIана токил, газил печазда бежаралдаса кIодоца бежараб чадил тIагIам гIемерго батIияб бугин.*

*Гьелда хадусан СагIадат-адаца цIалдохъабазе бицана доб заманалда лъимал гьитIинго захIматалде ругьун гьарулеб рукIараблъиялъул, халатаб гIумруялъулъ дандчIварал захIмалъабазул ва гIумрудул цогидал рахъазул.*

*Гьелъ абуна: «ГIумру гьабизе захIматаб заман букIаниги, гIаданлъи, яхI-намус цIунун хьвади, цоцазухъ гIенекки, цоцазе кумек гьаби гIадамазда гьоркьоб гIемерго цIикIкIараб букIана. Полеб гIелалъе мисаллъун рукIин щивас жинда тIадаблъун рикIкIунаан. Мискинаб яшавалда рукIаниги, ракIгIатIилъи, метерисеб къоялда божи букIин гIадамазул ракIалъ рессунги рукIана.*

*Нужеда бихьула, гIезегIанго ресалде рачIиналда цадахъго, рукIарал лъикIал рахъал кIочон толел рукIин. Цогидалъул дица бицинаро, лъималазул ахаздаса байбихьун, гIемерисеб заманалда гIолеб гIел гIурус мацIалда кIалъалебги буго, цо-цояз гьеб рукъоб бицунебги буго. Цого гьелъ бихьизабула, кигIан малъулеб бугониги, гIолеб гIелалъул гIагараб мацIалдеги умумузул гIадатаздеги бербалагьи тIубанго чучлъулеб букIин.*

*Нужеца гIодобе рехун тоге магIарул мацIги нилъер умумузул гIадаталги. Гьедин нужецаги цогидазги гьабулеб гьечIони, магIарул миллат тIагIиналда кинаб букIаниги щаклъи гьечIо», -ян.*

*СагIадат-адаца бихьизабуралъ, бицаралъ лъималазул ракIазе гьабураб асар бихьулеб букIана гьез кIодое кьолел суалалъги гьел гьелъул жавабахъ, кIваркьун, гIенеккулел рукIиналъулъги», -ян.*

---



«Салатавия» студиялъул хIалтIухъан Мухтар Гереев дандчIвана Дилим росулъа *«БахIарчияй эбел»* цIаралъе мустахIикълъарай Раисат Рашидовагун. Нижеца къокъгьабун гъоркьехун кьолеб буго Раисатица жиндирго хIакъалъулъ бицараб.

Гьелъ бицунеб буго: *«Дун гьаюна 1955 соналъ Халатала росулъ. Гьениб байбихьул школа гурони букIинчIо. Ункъо класс лъугIун хадусан, нижер лъимал Шавданалде цIализе хьвадизе кколаан. Гьенире хьвадиялъулъ букIараб захIмалъи бихьаразда гурони лъаларо. Анкьго класс лъугIизегIан гьениеги хьвадун, дица цIали тана, ва эбел-инсуе магIишат гьабизе кумек гьабулей йикIана.*

*Доб заманалда, гьитIинго рукIаго, тIамулаан захIматалъулъе гали. Яшав гьабизе захIмат букIаниги, доб заман букIана аваданаб, цоцазе кумек гьабулеб, ракIал жураран, яхI-намус, гIаданлъи цIунун гIадамал хьвадулеб, ай, рекI7елъ ургъел дагьаб ва метерисеб къоялда божи бугеб.*

*РакI гурхIула гьаб заманалда нилъеда гьоркьоб гьеб кинабго чучлъун букIиналда.*

*Ракь багъарараб 1970 соналъ хIукму гьабун букIана Халатаялъул, Шавданалъул, тIасияб Шавданалъул гIадамал Дилималде гочинаризе.*

*Гьелъул хIасилалда, 1974 соналъ нижер хъизан Дилималде гочана. Дир эмен боцIул вехь вукIана. Гьелъги батила, дун фермаялде доякалъун хIалтIизе лъугьарай. 1975 соналъ Убайс Рашидовасги дицаги хъизан гIуцIана.*

*Гьев вукIана гьитIинаб къоялдаса диналда тIад чIарав, махсаро-хочI гьабулев, гьеб бокьулев муъминчи. Гьев 29 соналдасаги цIикIкIараб заманалъ нухазул участокалда хIалтIана. Районалъул цIикIкIунисел чIахIиял гIадамазда гьев лъа левги вукIун ватила. Убайс районалъул бакI-бакIаздецин щолаан дугIа-алхIам гьабизе, мавлидал ва цогидал хIажалъаби тIоритIизе.*

*2009 соналъ гьев, ракIалдаго букIинчIеб унтиги тIадчIван, гIумруялдаса ватIалъана. Диеги гьесиеги 12 лъимер (8 вас ва 4 яс) бижана. Васазул цояв гIумруялдаса ватIалъана. Узухъда, гIумруялъулъ гIемерал захIмалъаби дандчIвана, гьел лъил гIумруялъулъ рукIунарел, амма гьезда данде къеркьезе Аллагьас къуват кьуна. Къого соналдаса цIикIкIараб заманалъ доякалъиги гьабун, дун хIалхьиялде ана.*

*Гьай-гьай, лъикIаб хIалтIухъ дие батIи-батIиял шапакъаталги щвана. Гьезда гьоркьоб «ХIалтIулъ бахIарчилъиялъухъ» медальги буго. Дица хIежги борхана, Аллагьас гьеб тIубазе дие рес кьуна. Дир руго 22 лъималазул лъималги(12 вас ва 10 яс) 2 лъималазул лъималазул лъимерги. Цоги щиб дица гьабилеб, гIиси-бикъинаб, бажарулеб рукъалъул хIалтIи гьабулей йикIуна», -ян.*



Загьраца, СагIадат-адал хIакъалъулъго гIадин, хъвараб материал нижехъе Калининаул росулъа Кулайсат Абаевалъги бачIана. Гьелъ хъвалеб буго: *«Дица нухмалъи гьабулеб букIана Марият Айдемирова гьоркьой йикIараб классалъе. Дида ракIалдецин кколеб букIинчIо гIодое йиччарай, калам дагьай гьелдасан, магIишаталъул киналго рахъал лъалей, ишалъулай ва кинаб букIаниги кIвахI гьечIей магIишатчIужу лъугьинилан. Гьелъул хIакъалъулъ лъикIал биценал гурони, дида рагIинчIо. Дагьал церегIан къояз дида бихьана «Салатавия» студиялъул хIалтIухъабаз гьейгун тIобитIараб дандчIваялъул цо бутIа ва дир къотIи ккана Мариятил хIакъалъулъ хъвазе. Нилъер умумулъанго бачIараб аби буго «Гьев чи на кинниги, хIалтIи гьечIого чIоларо»,-ян. Гьел рагIабазе Марият мустахIикъай йигин абуни, мекъи ккеларо.*

*1989 соналъ Марият Ленинаулалдаса Юсуп Айдемировасе ана. Гьевги, Мариятго гIадин, захIмат, рукъалъул магIишат бокьулев чи вуго. Ихдалил заман байбихьаралдаса, гьел хурул хIалтIаби гьарулел рукIуна. Жидецаго рекьулел рукIиналъ гьез тукадаса гIемерал кванил нигIматал росизеги кколаро. Хурул хIалтIаби лъугIун хадусанги, Мариятги Юсупги, хIалтIи гьечIого, чIоларо. Юсупица рукъалъе хIажал цIулал тIагIелал хIадурула, Мариятица цIилцIал къала. Гьелде тIадеги, гьелъ хIадурула лъималазе цIакъ рокьулел «конфетал-хIелкал».ТукенчагIаз гьелъухъа гьел гъираялда росула, гьединго Мариятица конфетал лъималазул ахазул гьитIичазе сайгъатги гьарула. Гьей кванил нигIматал хIадуризе бертабалъеги ахIула, гьелъ гьенир баркиялъул кIалъаялги гьарула.*

*Мариятил бажариялъул киналниги рахъал рехсезе ккани, гIемераб заман хIажалъула, цого дида лъала гьей лъикIай лъадилъунги эбеллъунги кколейлъи. Бокьун буго тIоцебе Мариятида, хадуб районалъул тIолалго руччабазда ракI-ракIалъ баркизе тIаде щвараб байрам-8 Март. Гьаризе киназего щулияб сахлъи, халатаб гIумру, рохел, талихI ва даимаб битIккей», -ан.*

---



8 Марталъул байрам тIаде щолеб букIин хIисабалдеги босун, дун дандчIвана Калининаул росдал школалда гIемерал соназ хIалтIарай Муслимат КъурамухIамадовагун, ва дица гьелда жиндирго хIакъалъулъ бицеян гьарана.

Гьелъ бицана: *«Дун гьаюн йиго 1940 соналъ Алмахъ росулъ. КIудияб ВатIанияб рагъ байбихьараб заманалда, рагъде арав эмен, араб бакI лъачIого, тIагIун вуго.*

*1944 соналъ нижер хъизан Ленинаулалде гочинабуна . Гьений эбелги хехго абадияб рукъое гочана. ТIубанго бесдаллъарал ниж росулъ букIараб лъималазул рукъоре ккана. Гьениб 7 классги лъугIизабун, дун Буйнахъскалъул педучилищеялде лъугьана. Бихьараб гIакъуба-къварилъиялъул дица бицинаро, гьеб, бихьаразда гурони, бичIчIунаро. Доб заманалда цоцазе кумек гьаби цIакъ букIана, гьедин букIинчIебани, дида цIализе бажарилебги букIун батиларо. Гьеб лъугIун хадуб, дун росулъе тIадюссана ва школалда хIалтIизе лъугьана. Цо соналъ гьенийги хIалтIун, дун МахIачхъалаялъул пединститутalде лъугьана.*

*Дун ункъабилеб курсалда йикIараб заманалда, цо къотIносан уней дида детдомалда цадахъ вукIарав Асадула КъурамухIамадов дандчIвана. «Мун Асадула гурищ», -ан дица абидал, гьес данде мунги «Муслимат» йигилан ккола», -ян абуна. Гьес дие бицана детдомалдаса хадув Каспийскалъул профтехучилищеялде живго лъугьиналъул, гьабсагIат радиолампабазул заводалда хIалтIулев вукIиналъул ва ДГУялъул тарихалъул факультеталде цIализе лъугьине бокьун букIиналъул.*

*Дицаги гьесие детдомалдаса хадуб дир букIараб гIумруялъул бицана. Гьелдаса байбихьун, нижеца гьоркьоблъи къотIизе течIо ва дун 5-абилеб курсалда йикIараб заманалда нижеца хъизан гIуцIана. ТокIлъиялда институт лъугIизабидал, дида гьарана гьенийго хIалтIизе чIаян, амма ракIалъ дун росулъе цIалей йикIана.*

*Асадулаги, жигарчи хIисабалда, заводалъе нухмалъулезул къиматалда вукIана. Гьесие шагьаралда, къокъаб заманалда жаниб рукъ кьезе букIиналъухъцин балагьичIого, ниж Ленинаулалде рачIана ва школалда хIалтIизе лъугьана. Нижго бетIергьанаб мина базе участок нижее гьениб щвечIо, ва ракьбагъарун хадусан (1970 сон) ниж Калининаулалде гочана, ва гьенир хIалтIизе лъугьана. 2003 соналъ хIалхьиялде инегIан, дун гьений школалдаги хIалтIана»,-ян.*

1975 соналъ Калининаулалде хIалтIизе ккаралдаса байбихьун, Асадулал хъизангун дир щулияб бухьен ккана. Гьел дида ратана хIалимал, ракIгIатIидал, гьудул-гьалмагълъи, гьалбал хириял, кьучIаб лъай щварал, росдал гIадамазда гьоркьоб къимат бугел ва унго-унгоял магIарулаллъун.

***Гьумер хIадур гьабуна МухIамад-Шарип ГIабдулашимовас***

# Прокуратура информирует…

## Местный житель обвиняется в совершении преступления, предусмотренного частью 1 статьи 135 УК РФ

В Казбековский районный суд прокуратурой района направлено уголовное дело по обвинению работника МКОУ «Калининаульская СОШ» в совершении преступления, предусмотренного частью 1 статьи 135 УК РФ Уголовного Кодекса Российской Федерации (совершение развратных действий без применения насилия лицом, достигшим восемнадцатилетнего возраста, в отношении лица, не достигшего шестнадцатилетнего возраста).

Расследованием уголовного дела установлено, что, находясь в своем служебном кабинете с целью удовлетворения своего сексуального влечения и пробуждения у потерпевшей интереса к сексуальным отношениям, совершил в отношении нее развратные действия сексуального характера.

# ЗАКЛЮЧЕНИЕ

## о результатах публичных слушаний по проекту Решения Собрания депутатов муниципального района «Казбековский район» о внесении изменений и дополнений в Устав муниципального образования «Казбековский район»

04.03.2024г. с. Дылым

Публичные слушания назначены Постановлением Главы администрации муниципального района №31 от 16.02.2024 года *«О проведении публичных слушаний по проекту решения о внесении изменений и дополнений в Устав муниципального района «Казбековский район»*.

Тема публичных слушаний: обсуждение проекта Решения Собрания депутатов муниципального района *«О внесении изменений и дополнений в Устав муниципального района «Казбековский район»*

Инициаторы публичных слушаний: Собрание депутатов муниципального района *«Казбековский район»*

Количество участников: 53

В результате обсуждения проекта Решения Собрания депутатов муниципального района *«О внесении изменений и дополнений в Устав муниципального района «Казбековский район"*, единогласно всеми участниками публичных слушаний принято решение:

1. Одобрить проект Решения Собрания депутатов муниципального района *«О внесении изменений и дополнений в Устав муниципального района «Казбековский район»*

2. Рекомендовать Собранию депутатов муниципального района принять проект Решения Собрания депутатов муниципального района *«О внесении изменений и дополнений в Устав муниципального района «Казбековский район»* в окончательном варианте.

***Председатель: Г.М.Гирисханов***
***Секретарь: А.К.Абуталибов.***

# Постановление

## О включении в реестр объектов бесхозного имущества

В соответствии с Приказом Минэкономразвития России от 10.12.2015г. N931 «Об установлении Порядка принятия на учет бесхозных недвижимых вещей» и на основании акта *«Выявления бесхозного имущества на территории муниципального образования «село Инчха»* от 07.11.2023 г. №1 администрация сельского поселения «село Инчха»

**ПОСТАНОВЛЯЕТ:**

1. Утвердить реестр бесхозного имущества, согласно приложению к настоящему постановлению.

2. Контроль исполнения настоящего постановления, оставляю за собой.

***Глава АСП "село Инчха" У.М. Улубиев***

## Реестр выявленного бесхозного недвижимого имущества

| N п/п | Наименование объекта | Адрес местонахождения объекта | Характеристика объекта (протяженность и т.д.) | Площадь |
|---|---|---|---|---|
| 1 | Здание склада | с. Инчха Казбековского р-на | Нежилое здание | 521.7кв.м. |
| 2 | Пристройка к зданию склада | с. Инчха Казбековского р-на | Нежило здание | 49.05кв.м |
| 3 | Здание администрации | с. Инчха ул. М. Жаная 81 | Нежило здание | 273.84 кв.м |

*Спорт-инсанасул сахлъи*

# Волейбол

Волейбол хIай нилъер районалда тIоцере тIоритIарал спорталъул тайпабазул цояблъун кколеб букIинги гьелъулъ нилъер гIолилал васазгун ясаз лъикIал хIасилал рихьизарулел рукIинги спорт бокьулезда лъала.



3 марталда Дилим росдал гимназиялда тIоритIана лъайкьеялъул гIуцIабаздаса ясазул командабазда гьоркьор волейбол хIаялъул къецал. Гьел къецазда гIахьаллъана 11 команда.

ХIалуцарал хIаяздаса хадуб, тIоцебесеб бакIалде бачIана тIадехун рехсараб гимназиялъул команда, кIиабилеб бакI босана лицеялъул командаялъ ва лъабабилеб бакIалъе Гуни росдал гимназиялъул команда мустахIикълъана.

Призалъулал бакIал росарал командаби гьенир лъайкьеялъул управлениялъул грамотабаздалъун кIодо гьаруна.

***Насрула Алиукъаев***

# ЦIияб тIехь къватIибе биччана




Гьал къояз *«Алеф»* типографиялъ *«Алмахъазул тарих, очеркал, харбал»* абураб тIехь (авторал: С.ГI. СалихIов, ХI.Р. ХIажимухIамадов) къватIибе биччана. Гьеб тIехь гьел авторазул ункъабилеб- лъун ккола. Гьезул подписчиказ ва ДРПОО *«Нижер рукъ»* жамгIияб гIуцIиялъ гьабураб хIалтIиялъ рес кьуна гьел тIахьал къватIире риччазе. Гьезда къогоялдаса цIикIкIун соназ данде гьабураб материал буго.

Россиялъул Президент В.В. Путиница рахьдал мацIал цIунизе кколилан ва гьел кIочене тезе бегьуларилан лъазабуна. Гьелъ, нилъеца хIаракат бахъизе ккола нилъерго миллат ва гIагараб мацI цIунизе.

Авторaз ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабулеб буго тIахьал риччазе квербакъарал подписчиказе ва ДРПОО *«Нижер рукъ»* жамгIияб гIуцIиялъе.

# Объявление

## КЦСОН объявляет о конкурсе на замещение вакантной должности главного бухгалтера

ГБУ РД *«Комплексный центр социального обслуживания населения в МР «Казбековский район»* объявляет о приеме документов для участия в конкурсе на замещение вакантной должности главного бухгалтера.




Основное требование: 3 года опыта работы бухгалтером с высшим образованием или 5 лет опыта работы бухгалтером со средним специальным образованием.

Прием документов и собеседование осуществляется по адресу: 368140, Республика Дагестан, Казбековский район, с.Дылым, ул. 20-летия Народного ополчения, 1.

Документы принимаются ежедневно с 9:00 ч. до 15:00 ч. , за исключением обеденного перерыва с 12:00 ч. до 13:00 ч. , кроме выходных (суббота и воскресенье) и нерабочих праздничных дней.

**БетIерав редактор:** И.Б.Салимханов 55-48-94
**Жавабияв секретарь:** М.-Ш.Э. ГIабдулашимов

**Мухбирзаби:** И.Р. Идрисов, Д.К. Батиева,
**Набор:** М.М. ХIайбаева
**Верстка:** М.А.АтавхIажиева ва З.ХI ХIасанова
**Фотокорреспондент:** М.-гI.ХI.ХIамидов

**Газета бахъизе байбихьана 1933 соналъул 15 апрелалда**
Типографиялъул адрес: 367032, РД, МахIачхъала шагьар, Насрутдиновасул проспект,1А

**Газета хIадур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда.**
Графикалда рекъон, печаталде кьураб заман 16.00
ХIакъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00

**Учредитель:** администрация МР "Казбековский район"
Редакциялъул (издательствоялъул) адрес: РД, Казбек район, Дилим росу, 368140,
**Индекс:** 51354 Тираж-1461, багьа-эркенаб

**Газета зарегистрирована в Управлении Роскомнадзора по РД 19.05.2014 г. серия ПИ № ТУ 0500290**

**Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола**